

Patisipasyon nan rechèch se yon chwa li ye

Lè w rantre nan yon etid rechèch se yon desizyon pèsònèl ki enpòtan. Anvan w rantre, asire w ke ou konprann objektif etid la, avèk risk ak avantaj ki ka genyen yo. Asire w ke w konprann kijan chèchè yo pral pwoteje enfòmasyon w ak vi prive w. Mande pou yo ede w si w pa konprann yon bagay oswa si w genyen kesyon.

Ou pa janm dwe santi w prese oubyen ke yo ba w presyon pou w pran yon desizyon. Patisipasyon nan yon etid rechèch konplètman volontè – se chwa pa w li ye. Ou ka chanje lide w nenpòt lè, pou nenpòt rezon.

Aksepte pou patisipe

Dèke w konprann rechèch la, ou ka deside si w vle fè sondaj la oswa si w vle fè l.

Si w vle patisipe nan pifò etid rechèch yo, se pou w siyen yon fòmilè konsantman eklere. Sa montre ou konprann etid la epi w dakò patisipe nan etid la. Etid sondaj pa toujou mande w siyen yon fòmilè konsantman eklere. Alaplas, ou montre w dakò lè w ranpli sondaj la epi w voye l tounen.

Gen sèten sondaj yo fè nan telefòn oswa fasafas, kote yon chèchè poze w kesyon. Chèchè a ka eksplike etid la epi apresya mande w si pa gen pwoblèm pou kontinye ak kesyon sondaj yo.

Pou plis enfòmasyon, al gade nan bwochi [Rechèch Sosyal ak Konpòtmantal](https://catalyst.harvard.edu/pdf/regulatory/SocialBehavioralResearch_HaitianCreole_HighResolution.pdf) nou an nan: catalyst.harvard.edu/pdf/regulatory/SocialBehavioralResearch_HaitianCreole_HighResolution.pdf

Kesyon pou w poze

Se dwa w pou w poze kesyon sou yon etid rechèch anvan w deside si w ap patisipe ladann. Pi ba a gen yon lis kesyon ou ka vle poze anvan w dakò pou w patisipe nan yon sondaj.

- > Ki objektif etid la?
- > Ki kalite kesyon yo pral poze?
- > Konbyen tan etid la dire?
- > Konbyen tan sondaj la pran?
- > Èske y ap peye m nan kèk fason pou patisipasyon m?
- > Èske repons mwen yo ap lye ak enfòmasyon pèsònèl mwen?
- > Kijan nou pral pwoteje enfòmasyon pèsònèl mwen?
- > Kisa k ap rive si mwen deside kite etid la bonè?
- > Èske mwen ka rebran repons mwen yo nenpòt lè? Si wi, kijan?
- > Èske enfòmasyon pèsònèl mwen pral nan kèk piblikasyon?

PATISPE NAN YON SONDAJ



Patisipasyon nan rechèch se chwa pa w li ye. Enfòme w. Poze kesyon. Jwenn repons.

Sondaj kolekte enfòmasyon lè li mande w reponn kesyon. Chèchè yo itilize sondaj pou yo dekouvri opinyon w ak santiman w sou yon sijè oubyen poukisa ou aji yon sèten fason. Sa ede chèchè yo konprann epi rezoud pwoblèm medikal ak sosyal.



Kesyon? Rele nou nan

Bwochi sa a genyen enfòmasyon jeneral pou objektif edikatif epi li pa fèt pou founi konsèy medikal. Pale ak pwòp doktè w oswa ak ekip rechèch la pou konsèy sou sitiyasyon pèsònèl ou ak enkyetid sou sante w yo.

Kisa rechèch sondaj ye?

Sondaj kolekte enfòmasyon lè li mande w reponn kesyon. Sondaj yo ede chèchè yo dekouvri opinyon w ak santiman w sou yon sijè oubyen poukisa ou aji yon sèten fason. Rechèch sondaj fèt plizyè fason diferan. Li ka fèt pa lapòs, sou Entènèt, nan telefòn, oswa fasafas.

Kijan chèchè yo itilize sondaj yo?

Chèchè yo itilize sondaj pou ede reponn kesyon syantifik. Sondaj ka ede yo konprann epi rezoud pwoblèm medikal ak sosyal. Sondaj ka ede chèchè yo aprann tou si pwogram oswa tretman yo ap byen fonksyone.

Chèchè yo ka mande w fè yon sèl sondaj, oswa plizyè pandan dè mwa oswa pandan plizyè ane. Si w pa vle patisipe, ou ka mande chèchè yo pou yo pa kontakte w ankò.

Gendelè, chèchè yo ankouraje moun pou yo fè sondaj nan ofri yo peman kach, bon dacha, oswa rantrè yo nan yon tiraj osò. Ou ka resevwa li anvan oswa apre w fè sondaj la. Gen lòt lè, chèchè yo pa peye moun pou konplete sondaj yo.



Si yon chèchè mande w fè yon sondaj:

Ou ka resevwa yon lèt kout oswa yon imèl ki dekri etid rechèch la, ki gen ladann:

- > Kisa ki nan sondaj la
- > Ki moun k ap fè rechèch la
- > Ki kantite tan sondaj la ap pran
- > Kijan chèchè yo pral itilize enfòmasyon an epi ap pwoteje idantite w
- > Si y ap peye w oubyen rantrè w nan yon tiraj osò akòz w ap fè sondaj la
- > Ki moun pou kontakte ak kesyon

Anvan w deside patisipe, asire w ke w konprann:

- > Detay etid la yo
- > Dwa w genyen antanke patisipan nan yon rechèch
- > Kijan y ap pwoteje vi prive w

Menmsi ou dakò patisipe nan rechèch la, ou ka chanje lide w nenpòt lè epi deside pou w pa reponn okenn lòt kesyon sondaj.

Konplete yon sondaj

Nan sèten sondaj, ou dwe reponn tout kesyon yo. Nan lòt sondaj, ou ka sote nenpòt kesyon ou pa vle reponn. Sèten sondaj ka genyen chwa tou tankou "mwenn pito pa reponn" oswa "okenn repons." Menmsi ou konplete sondaj la, ou ka chwazi pou pa voye repons ou yo. Gendelè ou ka repran sondaj ou a apre w fin voye li. Men sa ka difisil, sitou si repons ou yo pa genyen non w sou yo.

Pwoteje vi prive w

Gen plizyè sondaj ki mande w pou bay kèk enfòmasyon sou tèt ou, tankou laj ou, sèks ou, oswa orijin etnik ou.

Li enpòtan pou konnen si repons ou yo nan sondaj la konekte ak nenpòt enfòmasyon ki ta ka idantifye w. Sa enkli non w, adrès, imèl, ak nimewo telefòn ou. Si w fè yon sondaj sou Entènèt, li enpòtan pou w konnen si repons ou yo pwoteje elektwonikman, oswa "kripte," lè sondaj la al jwenn chèchè yo.

Ekip etid la travay pou l pwoteje epi konsève enfòmasyon w. Ou ka mande ekip etid la kijan yo fè sa. Ou ka mande tou si rezilta rechèch ki pibliye yo pral idantifye w nan okenn fason.